A Zororo reIsiraeri:

- **Nderipi zororo rakapihwa?**
  - Mwari akapa Isiraeri marudzi maviri ezororo: Nzvimbo chaiyo yokuzororera, uye nguva yokumbozororo.
  - Abhurahama akavimbiswa kuti vazukuru vake vaizogara muKenani, kubva kurwizi rweIjipita kusvikira kurwizi rwaYufratesi (Genesisi 15:18).
  - Kenani yaizova Edheni yechipiri apo Mwari neIsiraeri vaizofadzwa nekuzororo uye kushamwaridzana (Deuteronomio 12: 9). Kutanga, vaizofanira kudzinga avo vakanga vadarika miganhu yezvakaipa (Genesisi 15:16), uye kubvisa zvizere kunamata zvidhori munyika (Deuterenomio 12:2-3).
  - Kune rumwe rutivi, Mwari akavapa Sabata senguva inokosha yokurangarira Kusikwa noRudzikinuro, nokudaro vachifarikanya zororo raMwari (Ekisodho 20:8-11; Deuteronomio 5:12-15).
- **Ngenyi vasina kupinda muzororo iro?**
  - Chizvarwa chakabuda muIjipita chakaona mabasa anoshamisa aMwari, asina kufanana nezvimwe zvizvarwa.
  - Zvisinei, Kerebhu naJoshua chete ndivo vakatenda kuti Mwari aizozadzisa vimbiso yake pamasuwo eKenani.
  - Kusatenda kwedzimwe tsori gumi kwakakurumidza kuparirira pakati pavanhu. Ngatirege kutevedzera muenzaniso wavo asi tisimbise kutenda kwedu kusina kusimba uye tikurudzirane(VaHebhuru 12:12).

B Zororo redu:

- **Tinopinda muzororo iri rinhi?**
  - Zororo rakavimbiswa naMwari kuIsiraeri—uye kurudzi rwose rwomunhu—haana kupiwa zvizere apo Kenani yakakundwa (VaHebhuru 4:8). Uye kwete kunyange apo Isiraeri yakadzora nyika yose yechipikirwa munguva yaDavidi naSoromoni (2MaKoronike 9:26), nokuti vanhu vaMwari vakanga vachiri kunamata zvidhori.
  - Kuzorora uku ndiko kuwadzana kwepedyo naMwari. Zvanga zviri kumunhu wose kubvira pakusikwa (VaH. 4:3-4), kunyange NHASI (VaHebhuru 4:7). Vamwe vanhu vakatopinda mairi, uye vamwe vava kuda kupinda (VaHebhuru 4:1, 6, 9-10).
  - “Nhasi” tinoshevedzwa kuti tibvume kuti Mwari anga akatendeka kwatiri, uye kuti tine zvikonzero zvakakwana zvekugamuchira kokero Yake pakarepo.
- **Nderipi zororo raMwari?**
  - Tinokurudzirwa kupinda muzororo raMwari, kwete redu.
  - MuBhaibheri mune nhambo mbiri apo Mwari akazorora: Sabata (Genesisi 2:2-3), uye pashure pokuvakwa kweTemberi (2 Makoronike 6:41).
  - Muchiitiko chekutanga, Akanga apedza basa rake. Mune chechipiri, zvipikirwa zvake zvakanga zvazadzikiswa. Zororo rokutanga rakaputswa nechivi, uye rechipiri rakanga risina kukwana.
  - Mwari achiri kuda kutipa zororo rakakwana, sezvakapiwa Adhamu naEvha muSabata ravo rokutanga. Achatipa kana chigaro Chake chagadzwa paJerusarema Idzva (Zvakazarurwa 22:3). Unoda here kupinda muzororo rake?
- **Tichafara rinhi muzororo iri?**
  - Tinosunungurwa kubva kumabasa edu patinogamuchira Mwari seMusiki wedu neMudzikinuri sekukurudzira kunoita murairo weSabata kuti tiite. Ndiko kuti, takasununguka mukuedza kuwana ruponeso nemabasa edu.
  - Nekune rimwe divi, “Ƶino zororo resaɓata raʋanhu ʋaMŋari rici’po” (VaHebhuru 4:9). Uku ndiko kuzorora kweramangwana kwakazara uye kusina chivi. “NaiƵoƵo ŋgatishiŋgaire kuti tipinde muzororo irero” (VaHebhuru 4:11.